www.nohchalla.com

# Хьо езар хиллера

**Лазийнарг дег1ана йина чов йоцуш,
Со хилла ахь тахна, ас х1у дира хьуна.
Кхул т1аьхьа со левар, безам а боцуш,
Гергарло ахь хадор атта дац суна.**

**Хьо езар хиллера синтем д1абаьхьнарг,
Со хилла вацара хьа даго лехнарг.**

**Баркалла хьуна, йо1, к1еззигчу ханна,
Доггах ахь, я дегза сан дог эцарна.
Езачо хьаьстича, там хилац хьанна?
Цундели баркалла, со 1ехаварна.**

**Хьо езар хиллера синтем д1абаьхьнарг,
Со хилла вацара хьа даго лехнарг.**

**Баркалла хьуна, со хира ларарна,
Дикка хан яьлла со берах тарларна.
Хьоьх жимма тахна со 1ехаваларна,
Кхи сих ца вала со ахь 1амаварна.**

**Хьо езар хиллера синтем д1абаьхьнарг,
Со хилла вацара хьа даго лехнарг.**

**Нислуш ду дуьненахь иштаниг наггахь,
Мел ч1ог1у йо1 езарх, цунна йа везаш.
Куралла ма елахь ца йицйо дагах,
Ас хьайга сатийсарх даима езаш.**

**Хьо езар хиллера синтем д1абаьхьнарг,
Со хилла вацара хьа даго лехнарг.**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)